

Хlажат буго тlалъиялъул ва халкъалъул бухьен

Рамазан Ражабов

2

Кочlол къадруялда къоно чlвараб мех...

МухlамадБисавгlалиев

4



Хlакъикъияб гъунаралъе кьураб къимат

5

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№24 (24) 18 ноябрь 2011 сон МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Президентасул магъалочагlазде гьужумал

Гьабсагlаталда буго хамиз къоялъул бакъанил гlуж. Дагьав цеве вуссана Халкъияб Собраниялъул сессиялдаса. Повесткаялда рукlарал суалазул аслияблъун букlана иргадулаб 2012 абилеб соналъе республикаялъул бюджет тасдикъ гьаби. Докладалгун цеве вахъарав экономикаялъул ва финансазул министрасул кlалъаял рукlана кидаго гlадин чlамучlал ва рачlинахъего гlенеккарав чиясда жанире унарел.

Парламент. Гlарац бикьулеб лахlзат ...

Жакъа бакъанида газета къватlибе бачlине ккейги хlисабалде босун, сессиялъул ва бюджеталъул гlатlидаб анализ кьезе санагlалъи гьечlо. Нилъ тlад ургъизе гlадаб ва пайдаяб жо гьениб батани иргадулал номеразда гlатlид гьабун бицина.

Данделъиялъул повесткаги, гьоркьор лъолел законазул проектазул къвалги цlун, сессия бакьулъе щварабго къватlиве вилъана, халкъалъул вакилзабаз цlураб залалдаса. Гlемерисел докладаздаса макьихараб гlадаб хlисаб букlана.

Цохlо кlвар буссинабизе ккараб гlадаб хlал лъугьана доклад гьабизе вахъарав финансазул министр Гlабдусамад Хlамидовас бюджеталъул дефициталъул бицине байбихьарабго.

Залалдаса гьелда тlаса нахъойги суал бачlана.

Министрасул мухlканаб жаваб рагlичlебго гьоркьов жувана президент Мухlамадсалам МухlамадовасГлаву нилъер жанисел сурсатал гlурал гьечlин абулаго мекъи рихьизарулел руго гьелъие гlайибиял чагlи, яги бицунебго гьечlо гьезул (финансазул министрасдехун.ред). Районалъул ва шагьаразул бутlрузул иш гуро налогал ракlари, гьеб буго Федералияб налогазул инспекциялъул хlалтlи. Гьез исана жидер хlалтlи тlубанго хвезабуна, гьедин абе дуцаги, сундаса мун нечон вугев? Нилъер экономикияб цебетlей лъикlаб буго, хlатта улкаялда бищунго лъикlазул кьерда буго, гъоркьияб рахъ босун 7 – 10 процеталде щвезегlан цебетlей буго. Гьеб ахlвал – хlалалда щай ракlарулел налогазул къадар дагьлъулеб бугеб, гьедигlанго букlине ккола тlаде республикаялъул бюджеталде бачlунеб гlарацги. Нилъеда лъала цlакъ гlемерал рахъал жеги экономикаялъул рагlдукь хутlун рукlин. Гlодобегlанасеб 25 – 30 процеталъ цlикlкlине ккола щибаб соналъ нилъерго налогазул къадар. Нилъее налогаздаса щолеб жо дагьлъулеб буго гъоркь букlаралдасаги, гьелъ зарал гьабулеб буго бюджеталъеги. Нилъеца хlалихъего балагьулеб буго гlарац церехун лъазабураб лъайкьеялъе, сахлъи цlуниялъе ва цогидал социалиял рахъазе кьезе. Гьеб рахъ тlубазабизе гьардезе кколел руго федералияб централдеги, къарзал кьолел гlуцlабаздеги. Дуца гьениб тlаса – масаго абичlого бугеб хlалалъ кье баян, гьеб кинабго гlайиб буго Налогазул Инспекциялъул» - ян лъугlизабуна президентас.

Гьаниб якъинго бихьулеб буго президент рази гьечlевлъи Налогазул инспекциялъул бетlер Гlумахан Гlумахановасдаса. Амма бичlчlичlо гьеб гьужум финансазул министрасдаса сверун щай гьабурабали, ахlун живго Гlумахановгун гьабичlого. Ялъуни гьесдасагийищ рази гьечlев президент?

Цо-цо нижехъе щварал баяназда рекъон живго Гlумаханов президентгун данд бачlого Москваялъ тарав чи рагlула гьеб хъулухъалда, цогидаз абуна гьев президентгун рекъон хlалтlулев чи вугин.

! Районалъул ва шагьаразул бутlрузул иш гуро налогал ракlари, гьеб буго Федералияб налогазул инспекциялъул хlалтlи. Гьез исана жидер хlалтlи тlубанго хвезабуна, гьедин абе дуцаги, сундаса мун нечон вугев? Нилъер экономикияб цебетlей лъикlаб буго, хlатта улкаялда бищунго лъикlазул кьерда буго, гъоркьияб рахъ босун 7–10 % щвезегlан цебетlей буго. Гьеб ахlвал–хlалалда щай ракlарулел налогазул къадар дагьлъулеб бугеб?

Гьал къоязда Мухlамадсалам МухlамадовасГлаву республикаялда ругел федералиял структурабазда коррупция бугин, гьел хисизе кколин гьабураб хитlабалъулгун сессиялда абурал рагlабазул бухьен бугищали лъаларо. Гьеб жибго хlалтlул ахlвал – хlалалда гьабураб кlалъай батизеги рес буго. «Миллат» газеталъ гlагараб заманалда живго Гlумахановасе кьезе руго гьел суалал гьев разилъани гара – чlвариялъе.

Бюджеталъул ва сессиялъул гlатlидго бицина иргадулаб номералда хlажалъи гьелъулъ бихьани.

гара-чlвари

РахlматуллаМухlамадтlагьиров:

"Гlадилгерей рокъовги, къватlивги цого гlамалалъул чи вукlана"

РахlматулаМухlамадтlагьиров

15 ва 14 ноябралда Махlачхъалаялъул рагъулаб судалъ хlукму къотlана прапорщикал Долгих Дмитриеги Жилин Сергейиеги. Кватlичlого Ростов шагьаралда суд гьабизе буго гьезда цадахъ Болъихъ рагъулаб шагьаралда хъулухъ гьабулев вукlарав Резанов Андрейиеги. Цlех-рехчагlаз рикlкlунеб буго 2009 соналъул 5 июналда Махlачхъалаялда Дагъистаналъул жанисел ишазул министр Гlадилгерей МухlамадтlагьировчlвазеГлаву ярагъ гьез балагьанилан.

Долгих Дмитрийие кьуна туснахъалъул 6 сон. Гьединго гьесда тlадкъотlана 180 азарго гъурщил гlакlаги.

Сергей Жилинида тlадчlезабуна складалъул кlулалги бокьа-бокьарасда цере рехун тун гьес Болъихъ рагъулаб шагьаралдаса цlакъго къанагlатаб винтовка бикъизе теялъул гlайиб. Кlулал кодоса щайин риччаралин судияс гьикъидал, жиндие захlмалъулаанин гьел цадахъ раччизеян жаваб кьуна гьес.

Долгих Дмитрийица бикъанин гьеб винтовкайин абураб хlукмуялде рачlун ругоан цlех-рехчагlи. Гьес гьеб кьун бугила МахlачхъалаялдеГлаву унев лейтенант Андрей Резановасухъе. Цинги гьениб «Марракешалде» берталъе вачlараб бакlалда жанисел ишазул министр Гl. МухlамадтlагьировгичlВан добго къоялъ Болъихъ рагъулаб шагьаралде тlадги буссинабун бугила винтовка.

Жиндирго цlар газеталда рехсезе бокьичlев Болъихъа адвокатас бицун букlана пачалихъияв адвокат хисун жинцаго гlарац кьун адвокат ккведал, Резановас тlубан инкар гьабунила цебехун жинца цlех-рехалъе кьурал баяназдаса.

Кlудияб ахlи-хlур бахъинабураб иш букlиналъ, ритlухълъи чlезабизе къваригlиналъищали, кватlичlого гьесие суд Дагъистаналда гуреб, Ростовалда гьабизе буго.

Гьеб киналдаго тlасан рижарал **«Миллат»** газеталъул цо-цо суалазе жавабал кьезе нижеца редакциялде гьоболлъухъ ахlана Гlадилгерей МухlамадтlагьировасулГлаву РахlматулаГлаву.

— РахlматулаГлаву, мун разияв вугищ рагъулаб судалъ гьадал прапорщиказе къотlарал хlукмабазда?

—Разилъи-разилъунгутlи щиб букlинеб? Гьабсагlаталда хал гьабулеб буго гlицlго рагъулал хъулухъчагlаз жидедаго гьоркьоб гьабураб цlогьалъул.

⇨2

№24 (24) 18 ноябрь 2011 сон

ГIадилгерей рокъовги, къватIивги цого гIамалалъул вукIана

⇨1 Мунагьал чураяв дир вацасда бараб жо гьениб щибниги бихьулеб гьечIо жеги. Гьединго гьединаб къабихIлъи доба гIурус ракьалда гьабурабани, гьелъие хIукму доба тIубан батIайисан къотIулаан. (Дов Расул Мирзаевасул мисал бачине бегьула). Дида кколеб бугоха, гъоз гьабураб жо гурин гъобилан. Дица гьабсагIаталда бицунеб буго бикъараб тункIил хIакъалъулъ. Гъоба чIвай-хъвеялъул хабар гьечIо жеги. Хадуб бачIине батила къватIибе. Ниж сунданиги гьоркьоре лъугьунел гьечIо. Гьединаб даражаялъул чIвай-хъвей гьедигIан хехго тIатинабуларелъулха, кигIан бокьаниги. Амма гьез гьеб рагIалде бахъинабиялда хьулги буго.

— Дуда кин кколеб, Москваялъе къваригIараб чIвай-хъвейищ гьеб, ялъуни Дагъистаналъе къваригIарабищ букIараб? Яги рохьор ругел чагIазе къваригIарабищ?

(Харбал батIи-батIиял рукIиндалха – цояз абулеб букIана Дагъистаналда хасал операциял Москваялъ гьаризе риччачIого, ГIадилгерейица жинцаго гьарулел рукIиналъ федералазул цIакъ кIудияб ццим букIанила гьесда. Цогидаз бицунеб букIана гьев президентлъиялде хIадурулев вукIун вугилан…)

— Москваялъ гьесие гьабулеб кинабгIаги квекIен букIинчIо. ГIаксалда, кIвараб кумек гьабулаан гьесие. Нилъерго гьаниб гьабулеб букIана квалквал, хас гьабун абуни, МухIуца. Щив ккуниги виччайинги абулеб букIана…

— МухIухъеги рачIунел рукIун ратилаха ГIадилгерейида кIалъаян гьардезе. Киналго цоцада лъалел, тухумал гъорлъ журараб республика гьечIищха нилъер гьаб.

— Гьардезе рачIанщинал чагIазул къваригIел тIубазе Дагъистаналъул муфтийищ гьев вукIарав, ялъуни президентищ?

— Дида бичIчIухъе, ГIадилгерейица тIатинабураб такъсир рагьун рагIалде бахъинабизе биччалеб букIинчIо, уйищ?

— Гьедин чIванкъотIунги абизе кIоларо дида, кIалъалеб мехалда дун гьезда аскIов гурелъул вукIарав. Амма гьединал квал–квалал гьариялъул бицунеб рагIун букIана дида.

— ГIадилгерей республикаялда кутакалда кIудияб къуват кодоб бугев чи вукIана. Гьесул вац хIисабалда дудехунги бербалагьи гIезегIан лъикIаб букIун батила. Амма гьанже гьев цевеса араб мехалда дудехун гьоркьоблъи хисанищ гIадамазул?

— БитIараб бицани, чара гьечIого гьел хъулухъчагIазул бербалагьи лъикIаб букIин къваригIарав чиги гуро дун. Амма хисаралги ккана, хисичIелги ккана. Гьоркьоблъи жеги лъикIлъаралги ккана. Гъоба гъалатI нижерги батизе бегьула. Нилъеда барабги букIуна гIемераб.

— Вацасул хIалтIулъ гьалатIал рихьулааницщ дуда? ЦIакъго кьварарав вукIанин кколааницщ дуда гьов?

— Дица цо пуланаб жо абураб мехалда гъос дида абуна ле, дуе гьаб Дагъистаналъул таможня гурила, дове гIорхъоде айила гIакълаби кьезе. Нижее гъов хIалтIудаги рокъовги цохIого чи вукIана. БатIиявги кинав гьев вукIинев вукIарав сверухъ гьабщинаб базарги гIала-гъважаги бугеб мехалда. Милицаби чIвараб мехалдаги жиндирго вас чIварав кинигин вукIунаан гъов. Охранаялъул начальниклъун росулъа цо вас щайин вачунаревин абулеб букIана дица гьесда. Жив сабаблъун гьесие щибниги ккезе Аллагьас цIунагиян жаваб кьуна гьес. ГIадамасда барахщулаан гъов.

— ЧIваялда хIинкъи бугин, гьес цIодорлъи гьабизе кколин абураб хабар букIунароанищ нужер рокъоб?

— БукIунаан. Гьеб мехалда гъос абулаан гьеб кинабго Аллагьасда бараб жо бугилан. Гъансинив лъуниги гIадан холила къо щвараб мехалъ. Аз жив бокьани чIвайила, бокьани хъвейила, хвезегIан хIалтIизе кколила жив.

— Рамзан Къадировас Чачаналда бищун кIудияб къватIалда ГIадилгерейил цIарги лъуна, «Честь нации» абун цIакъго къиматаб шапакъатги кьуна. Гьединлъидал Рамзанида дандеккун гьеб рахъалъ нилъераз гьабураб хIалтIи дагьалъ мукъсанго бихьулеб бугищ дуда?

— Россиялъул муфтиясги кьуна гьесие «Бусурбабазул бахIарчи» абураб шапакъат. Дун ахIун вукIана гьеб босизеги. Нилъераз абуни цоцаде тIамун чанги жал тана гьаричIого. Масала, кигIан дун векерахъданиги, гьагъаб МВДялда цебе ГIадилгерейил бюст лъезе биччачIо гъоз. МагIарул чи цо вугев гIолин гьенивинги абун. ЦIадаса ХIамзат гьечIищха гъова.

— Довго Рамзаниде тIадруссинин. ГIадилгерейилъ къвакIи бихьун букIинчIебани, бищун кIудияб къватIалда цIарги лъун, «Честь нации» - лъунги вахъинавулароан чачаназ гьев киданиги, нилъергун гьезул гьоркьорлъаби кигIан щулиял ругониги.

— Гьеб кьолеб къоялъ Рамзаница ракIалде щвезабулеб бугоан гьезда кIияздаго гьоркьоб ккун букIараб цо дандчIваялъул. Мекъи вукIун ватизеги бегьулила, амма Дагъистаналъул милиция какизе лъугьанила жив. Гьеб къабуллъичIила ГIадилгерейие ва дагIбаялде ккана.

Хадув жидеца гьев Чачаналъулгун Дагъистаналъул гIорхъоде щвезегIан нухарегIанила. Гьениб гIорхъода байбихьанила жидеца доб Грозныялда ккараб дагIбарагIи цоцазда бичIчIизабизе, ахирги кIиязго цого жо бицунеб батанила, цоцада ричIчIун рукIун гьечIила. Гьев нахъекъай гьечIеб бахIарчилъиялъул чи вукIанин абуна Рамзаница. Гьел дир рагIаби гуро, рекъон букIунаро магIарул чиясе вацасул рахъалъ гьедин абизе. Гьединаб пикру загьир гьабуна Рамзаница. Чачаназул МВДялъул министрасги цIакъ адаб гьабула ГIадилгерейил, кабинеталъуб суратги бихьана, нижергунги бухьен ккола. Чачаназ бахIарчилъи бищунго тIадегIан лъолеблъи лъалеб жо гьечIищха. Гьелъ кьун батилин ккола цIарги.

— Нилъеца доб цебехун бицунаго хутIана ГIадилгерей президентлъун хIадурулев вукIанин абураб хабар. Гьеб уяб жо букIанищ?

— БукIана. Москваялъ гьесулгун дандбараб суал кколаан гьеб.

— Цо заманалда жамгIиял гIуцIабазулги журналистазулги цо къапила букIана ГIадилгерей министерлъиялдаса нахъе рехизе кколин, гьес гьаниб хасал операциял тIоритIулел ругин, гIайиб гьечIел гIадамазе гIакъуба кьолеб бугин абун. ГIадамазда гьоркьоб хабар буго гьел рукIанин МухIуца тIамун къватIире рахъарал чагIи. Дуда гьелъул лъалеб жо букIанищ?

— Лъалеб жо гIезегIан бугоан, амма гьанже гьелъул бицун пайда щиб? ГIадилгерейги гьечIо, МухIуги хъулухъалдаса нахъе ана.Дица гьеб пикру гьереси гьабиларо, амма дида ракI чIун лъала МухIу цIуниялъе гIоло живго ГIадилгерей бокьараб ишалъе ине хIадур вукIана. Живго МухIул гьесда аскIоб букIараб хIал жакъа бицун пайда щиб. Гьесул цIар МахIачхъалаялъул къватIалда лъеялъул суал дица МухIуда цебе лъурабго, Олег Кошевоясул цIаралда бугеб цо анцIго рукъ бугеб къватIалъул бицана гьес. Гьелда дурго цIар лъейин нахъе ана дун гьесда аскIоса. ***(ЦIияб власталъ Казбековасул цIаралда бугеб къватIалда лъуна ГIадилгерейил цIар. ред.)***

— ГIадилгерей чIаго вугеб мехалда газетазда гIезегIан рахъулаан гьев какарал, гьесул рекIелъ рекъоларел гIадал макъалаби. Гьес цIалулааницщ гьел?

— Газетал цIализе заманищин жиндир бугеб, хъварав чиясухъего кьейин гьел тIадруссун цIализе, жив хIалтIизе кколин абулаан гьес. ГIинцин тIамулароан гьединал макъалабазухъ.

! Лъалеб жо гIезегIан бугоан, амма гьанже гьелъул бицун пайда щиб? ГIадилгерейги гьечIо, МухIуги хъулухъалдаса нахъе ана. Дица гьеб пикру гьереси гьабиларо, амма дида ракI чIун лъала МухIу цIуниялъе гIоло живго ГIадилгерей бокьараб ишилъе ине хIадур вукIана.
Гьесул цIар МахIачхъалаялъул къватIалда лъеялъул суал дица МухIуда цебе лъурабго, Олег Кошевоясул цIаралда бугеб бугеб цо анцIго рукъ бугеб къватIалъул бицана гьес. Гьелда дурго цIар лъейин нахъе ана дун гьесда аскIоса.

— НугIлъи гьабизе кIвеларо, амма гIадамаз бицуна миллияб бечелъи гьабсагIаталда республикаялда ругел министразда яги цогидал хIакимзабазда гьоркьоб бикьун бугеб гIадин. Цояз ракьулъа бурулеб иццуда тIад квер лъун, цогидаз ганчIилги салулги карьеразда тIад ханлъи гьабун. Нужер вацасулги букIана гьедин гьабизе рес… БатIаго хIукуматалъ кьураб гIарцуде божунги чIолев вукIун ватиларо гьев.

— Божун чIаниги чIечIониги, секциялда вукIанаха гьев гIумру гьабун. МагIишат гьабуларев чи вукIинчIо гьев, амма хIаталдаса ун хъантIун гьабулароанха гьес гьеб. Гьабизе нижееги биччалароан. Биччалеб букIарабани, гьанжелъагIанги лъачIого букIинаанищха. Щибха нижер тухумалъухъ бугеб, кинаб бизнесалда тIад нижеца кверщел гьабун бугеб?

— Дур пикруялда, тIадехун рехсарал судалъул хIукмабаздаса хадуб рес бугищ гьев чIвазе заказ гьабурав чи ватизе?

— Гьеб суалалъе жаваб кьезе кIоларо дида, цIех-рехалъул мурадалдайин балъго гьабулеб гIадат гьечIищха кинабго, нижеда гьелъул лъалеб жо гьечIо.

Щиб лъалеб кинал къуватал гъолда хадур ругелали.

Гара-чIвари гьабуна
Зульфия ХIАЖИЕВАЛЪ.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Корона биларав парчахI киниги, Пашманго хутIана мун индал Дума

ХIабиб Давудовас Бегов ГIумариде гьаб кечI хъвалеб мехалда гIажаибал куц-мухъаздалъун бечедаб букIун батила Думаги, хIалуцараб букIун батила кандидатазда гьоркьоб кьабгIейги. Гьанже гьеб ахIи-хIурги камун нилъ къварид ругин абулеб мех гуро, амма цо бер чIвазегIаги рокьилаанин ккола гьанжеялдаса 10 - 15 соналъ цере «Дума квегъизе рахъун рукIарал» ГIахьвахъа БацI-Ханги, «миллат бичаразул читIирги гьабун вагъарарав Надирги», «талихI кьун йоххаяй ХIаписат-Ханумги», гьезда релълъарал цогидалги.

Кодор аргъаналгун цо бо бачIана
Бодул бетIерасе сухIмат гьабизе,
Салтыкова Ира, Иосиф Кобзон –
Кутакаб кеп буго Дагъистаналда.

Гьедин гурищ хъван букIараб дов нилъер ГIандиса «бахьикъосас» ?

БатIаго долдаса нахъе кандидатазул чIаголъиялдалъун нилъер гIумру тIогьолъ босичIониги, ракI чучиялъе, гьоркьо-гьоркьор рагъарун, гьел церехун рехсарал гIадал кепалниги гьарулаан доз нилъее. Жакъа щалха нилъеда рихьулел ругел? ГIадамал хисун партиязул цIарал руго цере рехун рачIунел: гьечIо кинабгIаги къецги къеркьейги, буго чIамучIлъиги ургъелгьечIолъиги…

ПалхIасил, 4 декабралда Россиялъул Пачалихъияб Думаялде тIоритIулел рищиязда Дагъистаналда гIахьаллъизе буго анкьго партия (пропаганда хIисабалда къабул гьабизе бегьулелъул, гьаниб цониги партиялъул цIар бахъизехъин гьечIо, амма гьединги гIемерисезда ричIчIичIого хутIиларо гьел).

Гьезда гьоркьоб бищун гIемер ахIи-хIур буго тIалъиялде гIагараб партиялда сверухъ. Масала, Къурбан къоялдасагицин пайда босанин абизе бегьула гьелъ. Жидеда сверун сентIелел рукIунел гIолилазул гIуцIиялъул кумекалдалъун бикьулеб гьанада гьоркьобцин чIвазабуна гьез политика. РахIмуялъул фондалде бечедав нилъер ракьцояс биччараб гIарцухъ босун гьан бикьулел гьезие фейсбукалдасан бадибе рецц гьабизе байбихьана Халкъияб Собраниялъул депутат М. Абрамкина. Рихьуларищин ругел цIакъал гIолохъаби.

Гьеб къабуллъичIо цо-цо блогеразе. Масала, Акаев Руслан абулев блогерас депутаталъе жаваб кьуна рищиязда цебе гьабулебги букIинчIебани, цо хасаб партиялда гьеб бухьинабулебги букIинчIебани, рукIинаанин гьел бергьун цIакъал гIолохъаби. Рищиязда цебе, уйилан ккезе, цо мукъсанаб садакъаги бадиб речIчIун течIого, нужеца, тIадчагIазул партиялъ, тIалъиялда бугеб анцIго соналда жаниб щайинха улка цебетIезабиялъе щибгIаги гьабичIеб. Цин нужеца ургъунго бакъизабулила халкъ, хадуб нужеего цIарги босун, рищиял тIаде щолеб мехалда гьойда цебе ракьа кинигин рехун бачIунила нужеца халкъалъе хутIа-тараб жо.

Щаялиго, къойилго гIадамал рикъиялдаги ришватчилъиялдаги дандечIун гьаб ахираб заманалда МахIачхъалаялда тIоритIарал митингаздагIаги берчIван рихьичIоха гьанже макьу тун, квен тун къурбаналъул гьан бикьулел рукIарал гIоркьилалги гьезул чIахIиял гьалмагъзабиги.

Цересел рищияздаго кьезе кколеб букIараб эфиралъухъ гIарац кьечIолъиялъин, цойги сундухъалигойин багьанабиги ратун, хутIарал гIиси-бикъинал партиял руго цере-нахъе цулел телевидениялъги цогидаб бакIалдаги.

Абухъего, гьанжегIагар къабул гьабураб законалда рекъон, рищиязда гьаркьазул лъабго процент щвечIел партиял хадусел рищиязда цере махIрум гьарулел руго чIобогояб эфиралъул заманалдаса. Гьеб закон хIалтIизе лъугьине буго 2016 соналда Пачалихъияб Думаялде депутатал рищулеб мехалдаса байбихьун.

Амма гьединаб ращалъи гьечIолъиялда дагIба балеб буго гьел партиязул вакилзабаз.

Гьел рази гьечIо жеги гьединаб хIужаялдаги. Масала, рищиязда гIахьаллъулел кандидатазул сияхIалъул бетIералда рихьизарун рукIуна субъектазулгун муниципалиял гIуцIабазул нухмалъулел. Гьеб сияхI хадуб цIалел «паровозалин» абула гьезда. Амма рищиязда жидеего щварал гьаркьал жидерго ракI рекъарав цогидав кандидатасеги кьун, парахалъун жидерго хъулухъазда чIола гьел. Законалда рекъонин абуни, гьел нахъе ине ккола хъулухъаздаса. ГьанжелъагIан Дагъистаналда рукIарал рищиязул хIасил гьабуни, Халкъияб Собраниялде гьарурал рищияздаса хадув районазул яги шагьаразул нухмалъулезул къанагIатавги чи унаро депутаталлъун. Уна нагагь дагIбаялда бугеб хъулухъ бугони, республикаялъул тIалъиялъе районалъул нухмалъиялда цогиги чи тезе къваригIун вугони. Гьеб бичIчIизе бегьула Гъуниб районалъул нухмалъиялда вукIарав ГI. Мачаевасул мисалалда. ГIадамазда гьоркьор ругел харбазда рекъон, гьев гьениса нахъе вахъизе къеркьолел къуватал церего рукIана. Амма багьана щоларого тату хун букIана гьезул. Гьединги, цо талихIалъ, дол тIалъиялъул кандидатазда гьоркьоб хъвараб гьесул цIаралъе цIикIкIун гьаркьалги щун щвана Мачаев парламенталде «вачине» багьана. Амма рес бугогIан мехалъ бакIалъул парламент кисаха унел районазулгун шагьаразул бутIрул. БатIияб иш буго Пачалихъияб Дума. «Роснефть-Дагнефтьги» тун Адам Амирилаевгицин ана гьениве.

ГIурусай эбелалъулги юристлъун вукIарав инсулги васасда хадур рилълъарал ракьцоялги руго, зама-заманалдасан кавказиязде гьегъ базе гьев лъугьаниги. Северияб Кавказалдасан кинавниги 28 чи. Гьаниса-гIебедени щибго багъа-бачари гьечIо гьезул.

ЦIорон хвараб къоялъ 7 ноябралда МахIачхъалаялда митингалде рахъун гурони, кIудияб чIаголъи Ленинил тIанчIазулъги халлъулеб гьечIо.

Квачазе къватIире рахъине бокьичIел цогидазин абуни хIалбихьулеб буго хинал рукъзабахъ гIодорги чIун дунялалъулго «нусиречалдаса» пайда босизе. Масала, фейсбукалде рехараб жидерго программа цо партиялъ батIи-батIиял мацIазде буссинабун буго. Дагъистаналъул мацIазда гьоркьоса гьез тIаса бищун буго магIарул мацI.

Программаялъул ахиралда гьадинаб пикруялде рачIунел руго гьел:

«Нилъер улкаялда цебе буго кIиго батIияб нух:

ялъуни гьеб XXI гIасруялда цебетIезе, ялъуни гьенибеги щвечIого гъоркье борти ва лъабабилеб дунялалда гъорлъ ругел улкабазул сияхIалде гьоркьобе ккей».

Таржама цодагьаб неда-гъедараб букIаниги, магIна бичIчIулеб буго. Амма хIалхьи толареб суал буго цо: гьезда гьоркьоса кинаб тайпаялда гъорлъедай нилъ гьабсагIаталда унел? ЦIарал рукIун гурел, хIакъикъиял партиялго рихьулел гьечIо. Абунги гьечIишха Россиялда кинаб партия гIуцIаниги гьелъул КПСС лъугьунилан.



Владимир Ильич Путин

◆ Рамазан РАЖАБОВ

ХIажат буго тIалъиялъул ва халкъалъул бухьен

14 ноябралда МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб библиотекаялда тIобитIана нилъер ракьцояв, машгьурав политик ва жамгIияв хIаракатчи, Москваялъул культураялъулгун искусствоялъул университеталъул ректор Рамазан ГIабдулатIиповасул тIахьазул презентация. ТIоцебесеб тIехь, «Мой дагестанский народ» абураб, живго авторасул рагIабазда рекъон хъван буго анцIго соналъ гьабураб хIалтIул хIасилалда ва 25 нухалъ цIидасан хъван буго.

Р.ГIабдулатIипов: миллиял гьоркьорлъабазул ва парламенталъул хIакъалъулъ

Гьениб бицунеб буго Дагъистаналъул халкъалъул тарихалъул, культураялъулгун искусствоялъул хIакъалъулъ. КIиабилеб, «Росс и я» абураб тIехьалда бицунеб буго Россиялъул халкъазда гьоркьоб рекъел ва ращаголъи цIунизе ккеялъул, киналго халкъазул гIаммаб тарихалъ, фашизмалда тIад босараб **сагун гIаммаб культураялдаса пайдаги босун»** - илан абуна Р. ГIабдулатIиповас. Анлъго соналъ миллиял суалазул хIакъалъулъ щибниги хъван букIинчIо, гьанже хъвазе кколеб бугилан тIадеги жубана гьес.

Лъалеб букIахъе, Рамазан ГIабдулатIипов вихьизавун вуго 4 декабралда тIоритIизе

! Гьаб жакъасеб партиязул сияхIаздалъун депутатал рищулеб къагIида дие ругьунаб нух гуро. Дун лъабцIулса вищун вукIана цевехунги Россиялъул парламенталде, дие ругьунаб къагIида буго щибаб районалда штабалги гIуцIун, избирателгунги дандчIван, таргьа цIурал тIадкъаялгун вачIунаан дун избирателаздаса. Кинаб ахIвал – хIалалъул рищиял гьанир ратаниги дица метер сапар гьабулеб буго халкъалъухъе, мугIрузул районаздаса байбихьун

КIудияб Бергьенлъиялъ щула гьабураб халкъазда гьоркьосеб рекъелгун вацлъи ахирал соназда биххун букIиналъул. Гьединго кIвар кьун буго пачалихъалъул миллияб ва культурияб политикаялъул суалазе. Пачалихъалъул щулалъи ГIабдулатIиповас бухьинабулеб буго киналго халкъазул гIаммаб, цогояб культура гIуцIиялда, гьелдаго цадахъ щибаб халкъалъул культураялъул хаслъаби ва тIокIлъаби риххизе риччангутIиялда.

Жакъа миллатчилъиялъул асаралда гъоркье ккарал къуватал гьес ахIулел руго киналго миллатазул гIаммаб тарихалдаса ва цадахъ гIемерал соназ гIумру гьабиялъ гIаммаблъун лъугьараб культураялдаса пайдаги босун, ракълилаб гIумруялде ва халкъазда гьоркьосеб вацлъиялде рачIине.

«Гьеб кIиябго тIехьалъул буго кIудияб кIвар жакъасев цIалдолесе. ТIоцебесеб тIехьалда аслияб кIвар кьун буго кинаб букIараб дагъистаниязул гIумру, щиб букIараб тарихалда дагъистаниязе аслияблъун, кинаблъун бугеб жакъасеб Дагъистаналда рухIияб рахъ ва сунде нилъ ине ккола цогояб, дагъистаниял абураб миллат, гIаммаб тарихалда-ругел Пачалихъияб Думаялде рищиязде «Единая Россия» партиялъул сияхIалда гъорлъ кандидат хIисабалда. Гьев вуго Дагъистаналдаса регионалияб сияхIалда лъабабилеб номералда. ТIоцевесеб номералда гъоркь вугев президент ва кIиабилев - Халкъияб Собраниялъул спикер Думаялде унел гьечIолъиялда бан, ракIчIун абизе бегьула Р. ГIабдулатIипов депутатлъун вахъараб хIисаб бугин. Гьал къоязда гьес дандчIвай гьабулеб буго мугIрузул районазда ругел избирателазулгун.

Парламенталъул рищиязда хурхун Р. ГIабдулатIиповас данделъиялде рачIаразде бицана букIинисеб хIалтIуда хурхарал аслиял пикраби:

«Гьаб жакъасеб партиязул сияхIаздалъун депутатал рищулеб къагIида дие ругьунаб нух гуро. Дун лъабцIулса вищун вукIана цевехунги Россиялъул парламенталде, дие ругьунаб къагIида буго щибаб районалда штабалги гIуцIун, избирателгунги дандчIвай. Таргьа цIурал тIадкъаялгун вачIунаан дун избирателаздаса. Кинаб ахIвал – хIалалъул рищиял гьанир ратаниги дица метер сапар гьабулеб буго халкъалъухъе, мугIрузул районаздаса байбихьун» - ян абуна Р. ГIабдулатIиповас.

№24 (24) 18 ноябрь 2011 сон

◆ МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

№24 (24) 18 ноябрь 2011 сон

КочIол къадруялда къоно чIвараб мех...

КочIол мугъ бекараб век щвана дие
ШагIирал лагълъараб лъугьана гIумру.
ГIемер къо бихьараб бихьинлъиялъул,
Бихьиладай сахлъун сакъатлъараб черх..?

Адалло



"Шабанов МухIаммад - хIакъав багьадур"... кечI ахIулеб лахIзат

Шоу – бизнесалъе хъулухъалда искусство

Президент – комплексалда МухIамадтIамир Синдикъовасухъ ралагьизеги рачIун къватIире лъугьарал гIадамал цо жидехъаго тохаб иш ккарал гIадин цоцадаса нечон рукIана. Цощинаб концерталъул бицун бачIинадай абураб хIинкъараб асар букIана. Гьединаб хIал букIуна васасухъа тохаб иш ккарабго инсул, гьединабго хIал лъугьуна халкъалъ гьунарлъун къабул гьавурав чияс нечезарурабго гIадамазулги. ХIакъикъияб кечIги, гьунарги, культураги бичIчIулел чагIи рачIине кколаан гьеб концерталде, кин концерт хвезабизе кIолебали бихьизе, кин концерт гьабизе кколареблъи бичIчIизе. Чамалиго анцI – анцI сонаца магIарул кочIол байрахъ борхатго ккурав Синдикъов доб сордоялъ тIоцеве рещтIана кафеялда гьештIолел ва тIири хIакъикъияб гьунар ва кечI бичIчIулареб агьлуялъул даражаялде. Цониги халкъалъ къабул гьабураб магIна бугеб кечI Синдикъовас ахIичIо, цониги кочIол рагIаби къосичIого ритIунги ахIичIо. КочIол репертуарги **«Метер унев вуго дун армиялде...», «Эльмира дочурка моя, цо, кIиго, лъабго»** ва гьелда релъараб букIана, битIахъе нечолев вуго хъвараб жоялдаса. ХутIараб репертуар букIана залалда вугев щивалиго депутатасе, ГIадилгерейиде, жинда фамилияцин лъаларев щивалиго кандидатасе, Буйнакскиялдаса Патяе, щивалиго КъурахIие сайгъат гьабураб. АхIичIо машгьураб **«Чабхил кIкIалахъа кIанцIун бекерулеб буго чан...»**, **«Херлъи»**, **«ГIаздаде щапарал дир шагIирзаби...», «Унге кочIохъаби нуж бертабалъе...»** ва цогидал анцI – анцI халкъалъ къабул гьарурал, кочIохъанас халкъалъухъе нух бахъарал кучIдул. Синдикъовасул кучIдузул бакIалда иргаялда цере рачIунаан гIумруялъ халкъалда рагIичIел цо кьер – кьералал тIажалги ретIун кIичIардулел гIолохъабиги, бахчаралдаса чорхода рагьараб бакI цIикIкIун бугел ясалги. ГIенеккаразда бичIчIулеб жо цохIо букIана. **«Прибоялъ»** залалда бичIчIизабуна нижеца нижее бокьараб гьабиларищан. Нужее гьев Синдикъов вугониги нижеца гьесдаса нижеего бокьараб жо гьабилин. ХIасил калам, гьеб букIана шоу – бизнесалъ искусствоялда ва гьунаралда тIад босараб ракI чIараб бергьенлъи. Бищунго сурараб жо гьеб сордоялъул ккана гьеб къеркьеялъул къурбанлъун хIакъикъияб гьунар, жиндаса гьунар бугев чи магIарул кочIолъ гьечIин къабул гьавурав МухIамадтIамир Синдикъов ккей. ГIалам кантIулеб рагIиги, бакъанги кьезе кколеб бакIалда Синдикъов рещтIана кафе «Сапаралда» кьурдизе бачIунеб мехтараб умматалъул ва щибниги искусствоялъулгун гIаммаб жо гьечIеб учузаб «Прибоялъул» хъушхъаламалъул даражаялде. Аргъангун тIармида чанго кечIги ахIун горбода галстук даларав Синдикъов лъугьана эстрадаялдалъун гIалам асир гьабизе. Лъаларо залалъе гьединав Синдикъов рекIее гIунищали, гIун ватани хIакъикъияб магIарул кечIбакъаналъе тIалкъен цIаланин доб сордоялъ **Синдикъовас** ва **«Прибоялъин»** абизе бегьула.

Жамалудинова, ГIайшат Насрулаева ва «Маргарита...»

Кинаб сурат рагьараб нилъее кочIол сордоялъ. Залалда ругел «рикIкIен гIемерал гIурус миллаталъул поклонниказда мекъи бихьиларедухъ», **(Гьабизе жо тIагIун ратиларищха гIурусал)** кочIол сордо бачунеб букIана гIурус мацIалда Расул ГIалибеков абурав чияс. Синдикъовасул репертуаралъулгун кучIдузул нилъеца тIадехун рехсана. Иргадал цере рачIунел рукIана цо церехун рагIичIел гIадамал. Ведущияс гьезие рагIи кьолаго битIахъе Алла Пугачева ячIунеб гIадаб хъуйги гьабулаан, залалъги кигIанго хвараб кечIалъе цIикIкIун хъат кьабулеб букIана. Гьениб букIана «Прибоялъул» коммерческий проект, Синдикъов вукIана гьенив ччугIа кквезе гьанцIаялда бараб хIапароялъул мисалалда. Гьел кочIохъаби гIадамазулъе рахинаризе «Прибоялъ» кьун гIарацгун гIалам бакIаризе далун рукIана «Синдикъовасул юбилей» бугин абурал игIланал.

Цее ячIана ГIайшат Насрулаева. ГIайшатида залалда гIадамал рукIиналдаса лъалеб жо букIанищ лъаларо, кечI ахIулеб букIана сверухъ дунял цIа рекIун бухIаниги батIалъи гьечIеб хIалалъ. АхIулеб букIана махщалида ва шавкъалда, рагIабиги рукIана лъикIал, цо бутIа - кечI бичIчIулезе данде кколел, кIиабилел – сценаялда кьурдулеб, гьещтIолеб къапилаялъе рекъарал: «Маарго, маргоо, марго... марго, маргорита...». Бокьахъе бичIа. Гьеб залалъул тату хвараб ахIвал – хIалалда бачIана битIахъе гъар – гъар базабулеб некIсияб, халкъияб бакъан. ХIухьел ккун гIенеккараб гIаламалда цее битIахъе йоржине къачIарай гIадин хьвагIун кверал гун, цо цIакъ ххам мукъсанаб ратIлилъ ячIана Хадижат Жамалудинова.

ГьетIа-къули, къагIида, къинкIулел чIегIерберал...

«Дунги ячинарищ
тIад магIарухъе,
ТIегь берцинаб щобде
щущан буго ракI.
Щвезе гьае дунги
авар гIурухъе,
ГIеретI цIун лъим кьезе
дир вокьулесе...».

Ячине лъикIан гъой гьаб сагIат гьеб ретIа-къайгун цо ГIакаро магIардеян велъулев вукIана кIигояв, нижеда нахъа бугеб кьерда. Нижеца гьеб пикруялъул рахъ кквечIо, гьеб мукъсанаб ратIлилъ Саба – Меседо гIунараб магIарде Жамалудинова йитIизе разилъичIо нижер кьерда ругел гIенеккарал. КечI букIана гIолохъанаб мехалда рокьи ккарав васги тун иналдаса рекIекълъи ва ракI бухIиялъул асар гъорлъ бугеб. АхIулебги букIана махщалида, амма кинго бичIчIулеб букIинчIо, шагIирас рокьул гIакъубаялдаса гIарз гьабун, магIу тIун хъвараб кочIолъ Хадижат гогьдарулей ва гьимулей щаяли сценаялда. РатIлиде дагIба гьечIо, бахчани хIакъ букIунеб черх бугин яхъун ятила цее, амма рагIабазулъ пашманлъийищ рохелищ шагIирас загьир гьабун бугебали бичIчIунгутIиялда тамаша гьабуна. Гьебги «Прибоялъул» тIалабин тела, гогьдаризе кколел ратила сценаялда ахIулеб кочIол магIна кинаб батаниги.

ЯчIана кIиго гIадан...

Зайнаб Махаевагун ГIайшат Айсаева рачIанин шуршуди букIана залалда. Рихьана. ЦерегIан гIодор чIун рукIана хIурматиял гьалбадерил кьерда. «Миллаталъул» ясаз нижеда абулеб букIана гьезда цIакъ къанагIатаб тайпаялъул гIонкIкIол тIимгъал ретIун ругин. Мадарал макъалаби хъвани гьеб тайпаялъул гIункIкIал камун нужги теларин ракI - макI гьабуна мухбиразе. Президент – комплексалъул рагьда цо цIер гIадин кенчIолеб, гIазу хъахIаб джип BMW X-6 букIана. Зайнаб Махаева ячIанин жийго рулалда нахъа гьеб машиналда рекIунин бицунеб букIана гиризе гьоко гьечIел мухбирзабаз нахъойги. Гъоб сордоялъ сценаялда бугеб хъушхъаламалда цадахъ цее яхъичIолъиялдаса бихьулеб буго Махаевалда жиндир гьунар битIун хIалтIизабизе лъалеб букIин. Джип гуреб самолеталъеги мустахIикъал руго гьунаралда рекъараб хьвада–чIвадиги, жидехъ ралагьизе рачIаразул адабги гьабизе лъалел кочIохъаби.

БукIана цохIо гьаракь...

Гьединаб букIана хIурматиял «Миллаталъул» цIалдолел, аваразул кечI – бакъаналъул чIагояв классиклъун рикIкIунев М-ТI. Синдикъовасулин цIар лъураб кочIол сордо. Цебесеб номералда рецци гьабун баркиялъул рагIиги хъван ахIана нижеца нуж гьеб концерталде. Пайда щиб, гьаб нухалда кигIан кьогIаб бугониги рагьизе ккана хIакъикъат. Дида мухIканго лъала Синдикъовасе гьаб макъалаялъ я хвезе, я гIезе жо гьечIеблъи. Гьес жиндир цIар магIарул кочIол тарихалда тана, амма цIакъ бокьилароан кочIол къадруялда къоно чIвалеб хъушхъаламалда гъорлъеги ккун гьев нилъер рекIелъ хIакимзабазде гьарурал кучIдул яги мехтараб умматалъе частушкаби ахIулеб къавмгун хутIунгутIизе. Нужеца гьикъизе рес буго тIубараб концерталда лъикIаб кечIгойищха рагIичIеб абун. БукIана кечI, бакъанги рекъараб, рагIабиги гъваридаб, чорхолъ яхIги ботIролъ гIакълуги бугев магIаруласда гъаргъар базабулеб. Гьеб ахIана МухIамадтIамирил вац Юсуп Синдикъовас. «Дагъистаналъул рохьал рухIулел чабхъадулазде» абураб кечI букIана Кавказалъул рагъул хIакъалъулъ. Гьеб нужеда цебе рагIун букIун батила, амма букIана гьесул кIиабилеб, цIияб кечI цохIо хIухьелалъухъ хутIанщинаб концерт кьезе гIадаб. ШагIир ЖабрагIил ХIасановасул рагIабазда, «Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб?»

«Гьадинаб жойищ гьаб
гIумру букIараб,
ГIунгутIабаз ккураб,
тIекълъабаз цIураб.
ЛъикIлъи гьабуразе
нагIана кьураб
НагIана батаял
тахида тараб?..
ЦIвак – цIвакун зобалалъ
цIвабиги ругеб,
ЦIар ахIун ватизе
гIаданги гьечIеб?..»

МагIарул шагIирасул жакъасеб къоялъе къимат кьолеб ва цIалдолел пикрабазде рачунел суалал кочIохъанас рагIи – рагIи ккун цIалдолезухъе щвезабуна. Пайда щиб, гьеб даражаялъул гьаракь – бакъанги, шигIру – кечIги къинабулеб ахIмакълъиялъ ккун буго жакъа сцена. Поэтас абухъе, «гIакълу къварилъараб, гIантлъи боххараб» мех бачIана аваразул гьунар – цIаралда тIаде.

юбилей

◆ МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

ХIакъикъияб гьунаралъе къураб къимат

ЦIаниги, дунги, Муса МухIамадовги…

Ноябралъул анцIила лъабабилелда ГIурус театралъул кIудияб зал гIеч бортизе бакI гьечIеб хIалалъ цIун букIанин абизе бегьула. Гьеб сордоялъ гIадамал данде гьаруна аваразул машгьурав прозаик, Дагъистаналъул Халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадовасул цIаралъ. Исана хаслихъе гIумруялъул 85 сон тIубалаан Муса МухIамадовас. Аваразул адабияталда рахъарал хъвадарухъабазул Муса МухIамадовасдаса цIикIкIун магIарулаз цIаларав чи ватиларин ракI чIун абизе бегьула. Советияб заманалда битIахъе цоцахъа бахъун цIалулаан Мусал проза магIарул росабалъ. РакIалда буго дун гьитIинаб механда росулъ иргаялда цоцахъа бахъун цIалулеб букIараб, тIаса жилдал тIутIураб «ЧIегIераб гамачI» абураб тIехь. Гьеб цIализе рес щвечIезе гьираялда бицунаан Мазгарулав абурав хъачагъасулги, Ханикалги, гьезул гIумрудул лъугьа – бахъиназулги. Эбелалъ росдал гIияда ирга базе витIарав дун Муса МухIамадовасул «Зоб цIадае гъугъала» абураб тIехьалъ асир гьавун цо щобда бакъанидегIанги хутIун, кIкIалабахъ ва хъинсахъ риларал цIани ралагьулаго терезе ккана цо хасалил сардилъ. ТIад буссун ирга щварабго гIияда унев дун иццухъ эбелалъ чIезавуна, жаниб къадеквен лъураб таргьаги рагьун бахъана дихъа «Бакъдасел» абураб Мусал тIехь. Гьабгун виччани мун башдаб рехъенги доба тун вуссунин. Гьединлъидал Муса МухIамадовас цохIо роххелгун хинлъи дие кьунин абуни тIубан битIун букIинаро. Гьесул ХIасаниласгун Мазгарулас дун чанги вуххизавуна эбелалда, гьабулеб хIалтIиги тун гьезде къулун къоял тIамун, школалда кIийилал росана. ГIаммаб къагIидаялда, дир риларал цIаниги, кIийилалги малъичIого, миллаталъе Муса МухIамадовасул бугеб кIвар босани гьеб цIакъ кIудияб буго. Гьесдаса бечедаб авар мацI бугев хъвадарухъанги къанагIат ватила, Мусадаса кIудияб хIалтIи авар мацI цIунилъе, бечед гьабиялъе ва гьеб лъаялъе гьабурав чиги ватиларо. Горбода галстукги далун мацI цIунизе кколин цеве вахъун гуребха, хвел гьечIел, халкъалъ къабул гьарулел ва цIалулел асарал хъван.

Мусал хIакъалъулъ хъвадарухъаби

ТIадруссина ГIурус Театралда букIараб ракIалдещвеялъул сордоялде. ТIоцебесеб рагIигун цеве вахъана Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадов. Протоколалъул тIалабалда рекъараб председателасул кIалъай гьабуна АхIмадовас. РакIалде щвезабуна Мусал творчествоялъул нух, рахъарал тIахьал, цIалдолезул гьездехун букIараб рокьи ва Мусаца Дагъистаналъул литератураялда кколеб бакI. Доклад букIана къокъаб ва магIна бугеб. Иргаялда цере рахъулел рукIана Хъвадарухъабазул Союзалъул миллиял секциязул нухмалъулел. Амма бищунго гвангъараб ва залалъ къабул гьабураблъун лъугьана даргиязул хъвадарухъан МухIамадрасулил кIалъай:

«ТIаде балагьун инсанасул рекIее асар гьабулев ва рикIкIадаса вихьулеб хьвада - чIвадиялъул чи вукIинчIо гьев. Гьоркьохъеб лага – черхалъул, гIодове виччараб, сабураб рилълъиналъул, гIадатияб ва гьелдаго цадахъ кидаго къамартIараб, бацIцIадаб ретIакъаялъул магIарулав вукIана. Гьев вукIинчIо ахIи – хъуй ва гьакълил столазул гьудуллъун ва гьелдаго цадахъ ккаралъуб лълъар борхияльдасаги инкар гьабулароан. Гьесул букIинчIо гIадамаздаса живго тIокI вихьулеб хасият, лъазе толароан жив цогидаздаса гIакъилав ва лъай бугев вукIинги. Гьес инсан къабул гьавулаан вугеб хIалалъ – гIунгутIабазухъ ва тIокIлъабазухъ валагьичIого. Киназдаго ракIалда ратила ункъоабилел соназда Хъвадарухъабазул Союзалда лъугьарал цоцалъ къеркьолел къокъаби. Ватиларо къанагIатги инсан цадахъ хIалтIулел чагIазул къеркьеялъулъ цояб рахъ цIикIкIун бокьуларев ва цогидал рихинчIев. Гьеб къеркьеялъулъ гIицIго Муса хутIана цонигиязул рахъ ккквечIого гIакъилго ва гIодове виччан, жиндир ишалде машгьуллъарав чилъун. Гьев тIадегIан вукIана гьеб къеркьеялдаса, гьесие гIумруялъул магIналъун букIана ракI бацIцIадаб хIалтIи ва цIалдолел урхъун ругел асарал хъвай…».

ГIага-шагарго гьадинаб букIана МухIамадрасулица Муса МухIамадовасе кьолеб къимат. ГIадатияб гIумруялъулъ Муса вихьизарурал ракIалдещвеялги рукIана, бицана цо къоялъ Мусацагун Фазуца гьоболлъухъ ахIиялъул хIакъалъулъги. МухIамадрасулица махщалида рагьана Муса МухIамадовасул гIумруялъул ва творчествоялъул сурат.

Шамил районалъул рахъалдаса баркиялъул рагIигун цеве вахъана администрациялъул бетIер **МухIамад Сахратулаев**. Республикаялъул хIукуматалъе, культураялъул министерствоялъе ва гьалбадерие баркала загьир гьабуна машгьурав ракьцояв кIодо гьавун тIобитIараб тадбиралъе квербакъиялъухъ. Доклад букIана лъикIаб, Муса МухIамадовасул творчествоялъул нух рагьараб, гьелдаго цадахъ районалъул администрациялъ хитIаб гьабуна МахIачхъалаялъул бетIерасухъе Халкъияв хъвадарухъанасул цIар тахшагьаралъул къватIалда лъеян. Данделъараз гьеб пикру лъикI къабул гьабуна. Концерталъул бутIаялъул рахъалъ бицани, дида къанагIат гурони бихьичIо гьедигIан тIадегIанаб даражаялда тIобитIараб культураялъул программа. Киналго Дагъистаналъул искусствоялъул элита букIана сценаялда, киндихъ? кечIгун миллияб формаялда цее ячIарай Хадижат Жамалудиновалъ асир гьабуна зал, ТIагьир Къурачев, Зайнаб Махаева, Лариса ХIажиева, Джамиля ХIамзатова, ПатIимат Кагирова, Рукъият ХIамзатова, ансамбль «Лезгинка», чагъанаялда ва щвантIихалда битIахъе черхалда гьаргьар базабулел некIсиял бакъназги, экраналдаса Муса МухIамадовасул гIумру ва творчество рагьарал суратаз ва видеофильмаз асир гьабун букIана зал.

Вахъизавугейила … кьурдизе, вахъун хадув чIезавизе кIоларила

Цеве вахъана Авар Театралъул режиссер ХIайбула ГIабдулгъапуров. КIалъай букIана партиялъул тIалабал тIад магIарул росабалъ ричIчIизаризе вачIарав парторгасул гIадаб. Ахиралда абуна Мусае вищунго вокьулев чи вукIанила дун, ай ГIабдулгъапуров. ТIубараб сордоялъ Мусада гIадамал ричIчIулел рукIанин абураб пикруги щущахъ биххизабуна. ХIалица кIалъай рагIалде бахарабго вагъарана цо букIбукIараб тIанчидаса Расул ХIамзатовас Мусаде хъвараб **«Вилъа дунгун цадахъ ГIахьвалазухъе»** абураб кечI цIализе. Гьебги гIурус мацIалда, ращдал рагIаби къосун, ХIайбулае кумек гьарун каранлъ ракI букIана пархолеб. БитIахъе, бохьараб гIетI бала дида гIалам бакIарараб бакIалда санагIат гьечIел гIадамал сценаялда бабадизе лъугьарабго. ХIалица гьеб «зулму» тIаса арабго сценаялде рачIана авар театралъул актерал, цо тIаса гурдеги бахъун жиндехун гамачI рехизе дандияв ахIулев гIолохъанчиги, цо бокIнилъ херав чиясул ролалда кIусарав Казиев ХIусенги вугоан. Гьеб Казиевасул роль букIинчIо, режиссерасул «гъварилъиялъ» цIан вугоан гьев сценка хIазеги. Щибниги магIнаги букIинчIо гьеб церерахъиналъул, тIадегIанаб даражаялда лъураб сценарий хвезаби гуреб. Казиевасухъ балагьарабго «Прибоялъ» частушкаби ахIизе тIамурав Синдикъовги ракIалде вачIана. Гьедин букIуна санагIат гьечIеб къавмалъул къайимлъиялда гьунарал ккарабго. ЦохIо ГIабдулгъапуровасе баркала загьир гьабизе ккараб жо буго сценка лъугIарабго гьеб жинца лъураблъи бихьизабизе цевеги вачIун гьеб «асар» гIуцIараб бетIер къулана халкъалда цебе. Культурияб сценарияльул автор ва режиссер эркен гьарунa ХIайбулаца жавабчилъиялдаса.

Жакъа мун гьаюраб къо буго, гьудул…

Кинабго битIа – бишизабуна экраналда Мусал хIакъалъулъ бицине Фазу ячIарабго. Киданиги дие цебехун Фазул цее яхъиналъ асар гьабу-

лароан, гьеб сордоялъ ралагьарал асир гьаруна Мусал рахъалъ бицунеб харбица. Муса МухIмадовас жинде гьаюраб къо баркун хъван букIараб кечI Фазуца цIаларобго бичIчIана дида Муса шагIирги вукIараблъи ва гьунар сундулъго гьунар абураб пикруялъул магIна.

«Жакъа мун гьаюраб къо буго гьудул,
Рагьдухъ гIазу буго гIурда цIер буго.
Щиб дуе битIилеб дир мугIрул гIанса,
Мун гьаюн хинлъараб
хасалил сардилъ?
Зодихъеги вахун цIва кьелаан дуй,
ЦIва гIадай гвангъарай йикIинчIейани.
Ралъдал тIиндеги ун жавгьар кьелаан
Жавгьаргlан гьайбатай ятичIейани…

ГIемерал камиял раччана дица, гъов хварабго жеги дида бичIчIулеб букIинчIо щиб хисараб дир гIумруялдаяли, къо бахъанагIан лъалеб буго щив дидаса ватIалъаравали» - ян шакърахана Фазу.

Гьеб букIинчIо хIакимзабазул данделъабазда нилъеда цебехун бихьараб Фазул кIалъай. РекIелъан бачIунеб букIана щибаб рагIи, ракIгурхIиги, жиндехун хIурматги, адабги бижизабизе кIвана Фазуда гьеб каламалъ. Муса ракIалдещвеялъул сордо лъугIун къватIире рахъулаго фоеялда ратана гьесул тIахьазул выставка, дие бищун бокьулеб «ЧIегIераб гамачI» гьечIоан гьениб, дир цIани рилизарураб «Зоб цIадае гъугъалаги» батичIо. Типографиялъул директорлъун Муса МухIамадовасул вас вугониги щолел гьечIо магIарулазухъе гьунар тIокIав хъвадарухъанасул тIахьал. Роххелгун пашманлъи жубараб асаргун къо–лъикI гьабуна дица авар хъвадарухъанасул сордо кIодо гьабураб ГIурус Театралъулгун.

харжал

◆ Ашахан ЮСУПОВ

Дунялалдаго бищунго цIикIкIараб харж щвезе бокьани Дагъистаналде рачIа..., тIоргIогун расандизе

«Финэкспертиза» абураб халкквеялъулаб къокъаялъул комиссиялъ тIобитIараб цIех-рехазул хIасилазда рекъон, Россиялъул цогидал регионазда гьоркьоб Дагъистаналъ тIоцебесеб бакI кколеб рагIула пачалихъалъул хъулухъчагIазе моцIрое харжал цIикIкIинариялъул рахъалъ. Цо дагьаб цебегIанги республикаялда гьоркьохъеб харж букIун батани 4500 гъурущ, къокъабго заманалда гьеб бахун рагIула 10000-саги цIикIкIун гъурщиде.

Ноябралъул тIоцебесеб къоялъ Халкъияб Собраниялда кIалъазе вахъарав республикаялъул нухмалъулесги гьелда релъарехъараб калам речIчIизабун букIана жиндирго докладалда гьоркьоб. Гьединго гьесул рагIабазда божилъи гьабунани, 10000 –саги цIикIкIун чиясе хIалтIизе бакIги щун рагIула нилъер республикаялда гьаб сон байбихьаралдаса. КIвар кье кинацаго, 10000 гьеб тарих гуро. Цогидал росаби дида лъаларо, цохIо дир росулъ уна щибаб санайил улкаялъул батIи-батIиял шагьаразде бетIербахъиялъ анцI-анцI чи, хутIарал анцIгоял даран базаралда гьоркьор руго. Минаби ралелги даран гьабулелги – гьеб кIиго пишаялъ хIебтIун буго захIматхалкъ. ЦIалун вахъаравги гьенив вуго, армиялда арасги нух гьенибе босула, балугълуде вахаравги, я квегIиде, я квараниде тIадехун рехсаралъул цоялъуб батулеб буго жиндирго къисмат.

ЧIа, чIа кIочене бахъанин, лъабабилеб тайпаги буго, диналдехун гьумерги буссинабун рухIияб гIелму цIализе нияталда мадрасабазда гIелги цIикIкIунеб буго къо бахъанахъан. МагIишат гьабиялъул рахъалъ гьединазул пикру батIияб буго, Аллагьас хьихьулила жиндирго лагьилан, агъаз гьечIого жаваб кьола гьез. ХIакъикъаталдаги хьихьулелги руго…

ТIадруссинин ТIадвугесул лъагъзадерие моцIрое щолеб харжалде. Республикаялъул хIукуматалъул араб моцIалда тIобитIараб иргадулаб данделъиялда цогидал суалазда цадахъ бицунеб букIана учительзабазе моцIрое харжал цIикIкIинариялъул хIакъалъулъги. ЦIияб цIалул сон байбихьаралдаса гьабураб хIукму рагIула гьеб - 30 проценталъ лъай кьеялъул хIалтIухъабазе мухь цIикIкIинаби. Гьелъул хIалтIи кинаб къагIидаялъин унеб бугебан гьикъана данделъи бачунев Низами Казиевилан абулев чияс гьенир гIахьаллъаразда. Расниги лъикIаб хIал гьечIилан жаваб кьуна гьесие киназго. БатIи-батIиял мухъазда цересел моцIазул бакIазда кьун бугин гIемерисел учительзабазе сентябралъул харжан абураб хIужа баянлъана гьениб.

Амма хIакъикъат дагьабги камил гьабуна Гъуниб районалъул Гьонода школалъул хIалтIухъан гьединго школалъул профкомалъул вакил МухIамадов Садродиница. Сентябрь моцIалъул харж 30 проценталъ цIикIкIинабизе букIин лъалаанила жидедаян бицана гьес «Миллаталъе», жидее кьураб харж цIикIкIинабун бугоанила гIицIго 15 проценталъ. Дагьабги бичIчIуледухъ бицани, цIикIкIинабун хадуб учителасул гьоркьохъеб харж букIине кколаан 10500 гъурущ, хIакъикъаталдайин абуни Садродиниеги цогидазеги щун буго цIикIкIинабун хадубги гIицIго 8000 гъурущ.

«Финэкспертизаялъ» хIадурараб баян битIараб бугищалин лъазелъун дица бухьен гьабуна республикаялъул батIи-батIиял идарабазулгун, амма кинал ругониги баянал кьезе инкар гьабуна гьез. Бищунго гIажаилъизавуна гьезул чангоялъуб жидеда гьелъул хIакъалъулъ щибниги лъалеб жо гьечIилан гьез абидал. ЗахIматалъул рахъалъ халкъ хьезабиялъул министерствоялде кIалъайдал абуни, гьений ятарай гIаданалъ кьураб жавабалъ цогидазул жаваб кIочон тараб хIисаб лъугьана. Рехсараб хIужаялъул хIакъалъулъ бицен гьабидал, Пенсионный Фондалде ани лъикIаб букIинила дуеян лъазабуна гьелъ дида. Рехсараб министерствоялда щиб хъулухъ гьей гIаданалъул бугебали гьикъизе бокьун букIана, гьаб нухалъ гьелъ дун дагIабги квешаб бакIалтIе витIизе бегьулилан бачIараб пикруялъ, битIараб бицани, дун гьелда тIадвуссун кIалъачIо.

Гьаб макъала хъвалев вукIаго, хъахIилаб экраналдасан дагIбадилев вугоан кIиго чи. Декабралда Пачалихъалъулаб Думаялде тIоритIизе ругел рищиязда гIахьаллъулел партиязул кIиявго вакилас халкъалъе бицунеб халкъалъе лъикIаб гIумруялъул шартIал чIезаризе бокьун бугин жидееян. Геннадий Зюгановас ракI унтун бицунеб букIана захIматхалкъалъе жакъа щолеб мукъсанаб мухьалъул. Жакъа олигархалилан абулеб тIом биццатаб агьлуялъе щолеб бугила нилъеда макьилъцин бихьичIеб гIарацилан гIезегIан ццидахун абулеб бугоан гьес. Гьес чIванкъотIун абулеб букIана пачалихъалъул хъулухъчагIазе моцIалъе щвезе кколин 40000 гъурщидаса дагьаб гьечIеб гIарац. Амма чвахxун бачIунеб гьесул каламги гьоркьоб къотIизабун, чIечIого цохIого жо бицунев вукIана тIалъиялде гIагараб партиялъул партиялъул вакил.

Нилъер республикалдайин абуни кинабалиго «Финэкспертиза» буго харжал цIикIкIун ругилан гIадамал божизарулел. Гьелъ лъазабичIониги, республикаялъул идарабаз гьелъул бицине инкар гьабуниги, жакъа киназдаго лъалеб буго Дагъистаналда бищунго цIикIкIун моцIрол харж бугев чи. Гьев ккола Анжиялъул клубалда хIалев вугев Камеруналъул футболист Самюэль Это′О. Анжиялъул хважаин Сулейман Керимовас гьесулгун гьабураб къотIи-къаялда рекъон, гьесие кьезе рагIула лъагIалие 20 миллион евро, МоцIалъе гьесие щолеб буго 50 миллион гъурущ, щибаб къоялъ 2 миллион гIечIеб гъурущ (дунялалдаго бищун цIикIкIараб харж кколеб буго гьеб).

Это′Оца абулеб бугоан жив Дагъистаналде гIадада вачIарав чи гурила, жиндие Аллагьас кьураб гьунаралда рекъон кьолеб бугила Керимовас жиндие гьеб гIарац, хIакъикъаталдайин абуни дагьабги цIикIкIун щвезе мустIахIикъав вугин живан тIаде жубана гьев тIомчIегIерав футболистас

МоцIалъе гьесие щолеб буго 50 миллион гъурущ, щибаб къоялъ 2 миллион гIечIеб гъурущ (дунялалдаго бищун цIикIкIараб харж кколеб буго гьеб).

Амма гьелъул хIакъалъулъ дагьаб цебегIан пуланаб телеканалъе гьев Это′Оца абулеб бугоан жив Дагъистаналде гIадада вачIарав чи гурила, жиндие Аллагьас кьураб гьунаралда рекъон кьолеб бугила Керимовас жиндие гьеб гIарац, хIакъикъаталдайин абуни дагьабги цIикIкIун щвезе мустIахIикъав вугин живан тIаде жубан гьев тIомчIегIерав футболистас иман гьечIого.

БатIи-батIиял руго гьелда тIасан гIадамазул пикраби. Амма гIемерисез цо кIалдисан гIадин абулеб буго гьеб гIарац щвезе мустIахIикъал бакIал гIемер ругоанила республикаялда, эбел-эмен гьечIел бесдаллъималаздасан байбихьун, мадрасаялда цIалулезде щвезегIан. Амма футбол хириял дагъистаниязе гьелъул гьедигIанго кIвар гьечIо, хIажат буго Анжиялъ цIи-цIиял бергьенлъабиги росун гьелъул цIар цIвабзазда гъорлъ кватIичIого хъвазе. Изну гьечIого яргъид гIуцIаразда гъорлъ ругезул кIалдиб ругьунаб Аллагьу Акбарго гIадин, жакъа республикаялда вугев щибав кIиабилесул кIалдисан унеб кIиго рагIи буго АНЖИ ЧЕМПИОН абун, амма гIадатияб халъалъе гьел рагIабаз кьолеб хайир, я пайда гьечIо кинабниги.

Гьелни ахIдолел рукIайин телаан, «Финэкспертизаялъ» бицен гьабулеб куцалда цIикIкIараб дагъистаниязул харж щибниги гьабичIонигицин анцIго минуталда жаниб Это, Ое щолеб гIарцуда бащалъулеб букIинчIебани.

рекIелгьеялъе цIале

ХАРЖ КЬОЛЕБ БУГОНИ ОРДЕКАЗЕ ГIАДЛУ ГЬАБУНГИ РУКIИНЕ БЕГЬУЛА

ГIарац кьолеб бугони бокьараб иш-пишаялде русине хIадурарал гIадамал гIемер дандчIвала. Цогидазда гIажаибалин ккарал батIибатIияб пишаялъул гIадамал гIемер рукIуна. Масала, Индиялъул цо отелалда хIалтIулев вуго кваналел туристаздаса аскIоса маймалакал нахъе гъолев чи. Америкаялъул Мемфис абулеб бакIалда бугеб гостиницаялъул хIалтIухъанасул хIалтIилъун лъугьун буго нуцIил кIалтIаса фонталде аскIоре щвезегIан гостиницаялда

ругел ордекал кьералъ хьвадизари. Сент-Томас абураб чIинкIиллъиялда дандчIвала кокосаздаса гIадамал «цIунулев» чи. Гьесда тIадаб буго бортун унеб кокос гIадамазул ботIролъ щвечIого букIиналда хадуб хал кквезе. ГIемерал шагьаразда дандчIвала туристазда гьеб бихьизабизе цадахъ хьвадулел гидал, амма Парижалда гурони гьечIо канализациялда гидлъун хIалтIулел чагIи. Амма гьел киналго ишаздасаги гIажаибаб пиша буго цо франциялъуласул. Гьев хIалтIулев вуго анищал тIуразарулев чилъун. Гьел тIуразе ккани гьел тIуразарулев чиясда аскIореги ун дурго анищазул бицине кколеб рагIула.

БИЩУНГО КИНО БОКЬУЛЕЛ....

Индиялда лъагIалида жаниб бичулеб буго 4 млд киноялъул билет. Щибаб къойил бичулеб буго 14 млн гIанасеб билет. Данде кквеялъе Голливуд босани гьезул фильма-



зухъ балагьизе лъагIалида жаниб тIолабго дунялалда 3 миллион билет гурони бичуларо.

БИЩУНГО ХАЛАТАБ ТАХШАГЬАРАЛЪУЛ ЦIАР

Тайландалъул тахшагьаралъул буго дунялалда бищунго халатаб цIар. Тайцазул мацIалда шагьаралъул цIар буго 152 хIарпалдасан ва 64 слогалдасан гIуцIун.

Къокъ гьабун Крунгтепилан абун тола гьелда. Туристаз гьелда Бангкокилан абула, амма тайцаз гьеб цIар кIигониги гIасруялъ хIалтIизабуларо.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Адвокат – гIайибияйги, адвокат – къварилъи ккарайги

ДРялъул Верховный судалъ букIахъе тана адвокат Сапият МухIамадовалъул уголовнияб делоялда хурхун Хасавюрт шагьаралъул судалъ гьабураб хIукму. ЦIидасан цIех-рех гьабизе кколилан судалъ гьеб дело прокуратураялде битIун букIана. Чорхол цIайи 50 кило гурони гьечIей Сапиятица гIурдул гIадал СОГалъул хIалтIухъаби руханин, гьезул погонал тIунин абураб дело ккола гьеб.

Адвокат Сапият МухIамадова

Гьелдаго цадахъ бачунеб буго жеги гьелго полициялъулаз Сапият МухIамадова юханин абураб делоги.

Судалда жинца цIунулей йикIарай гIолохъанчIужуялъул документазул цIехезе жание араб бакIалда ккун буго полициялдаги адвокаталдаги гьоркьоб дагIба-рагIи.

«Дой яс ккун ана доз. Дун гьелда хадуй дое жание ана. Гьез гьениб закон хвезабулеб хIужа хIисабалде босизе ккеларишха дица. Гьезда ккун батила кинаялиго гIолохъанай гIаданалъухъа бажаризейищин бугеб гьезул хьвада-чIвади кагътида бихьизабизе. Нилъеца гьей къватIиехун реханиго лъикIин ккун батула гьезда. Гьедин гьабизеги гьабуна гьез. Амма гьезда ракIалдецин ккун букIун батиларо гьей ясалъе гIоло гьадигIан кIудияб ахIихIур бахъинилан", - гьедин бицана «Миллаталъе» адвокат Сапият МухIамадовалъ.

Верховный суд Хасавюрт шагьаралъул судалда тIадрекъон чIей Сапиятида гьадин бичIчIулеб буго:

"ДРялъул Верховный судалъ Хасавюрт шагьаралъул судалъул хIукму хисизабунгутIи рикIкIине бегьула полициялъулаз дун юхиялъул дело къазе гьабулеб хIадурлъилъун. Гьелда цебе гьез хIалбихьун ун букIана диргун рекъел хъвазе. Дица инкар гьабидал, гьел лъугьана дун хIинкъизайизе, кIудиял хъулухъчагIи дида тIаде тIамизе. Гьелъги кумек гьабичIеб мехалда гьез абуна, дуда лъалеб гьечIин лъилгун дуца хурхен гьабурабали. Жидеца мунго гIайибалде гъоркье кколедухъ хисизабилин гьеб дело. Дицаги абун букIана, бокьараб гьабейин. Гьалеха, тIоцебего гьабураб хIукму бихьуларищ гьез.

Амма рес гьечIо гIайибиявлъунги, къварилъи ккаравлъунги цого заманалда цого чи вукIине. Дида хурхун гIуцIарал делабазухъ балагьани, гьединай гIаданлъун кколей йиго дун. Гьеб гIантаб жо бугилан судалде гIарзаги кьун букIана дица. Щай гьеб гIантаб жо бугебали судалда бичIчIизабулебги букIана. Амма судияс тIири ургъел гьабичIо гьелъул, жидецаго чIезабилин зарал ккарав щивалиги, гIайиб лъиде гIунтIизабилебали янги абун. Дун юхарал полициялъулазул адвокаталъ абун хадубин судияс дело прокуратураялдеги битIараб. Гьелъухъищ гьев гIенеккизе колев, законалъухъищ?

БачIинахъего республикаялъул прокуратураялъги гьеб хIужжа тана кIвар кьечIого. Бищунго тамашаб жо, кIиябго делоялда хурхун гьабураб гIайиб гIунтIизабиялъул хIукму (обвинительное заключение) тасдикъ гьабурав прокурорги цого вуго – МухIамад Дибиров (ДРялъул прокурорасул заместитель ккола гьев). Жинца гъулбас сунда гъоркь лъолеб бугебалигIаги цIализе ккелароанищ гьес?!

Прокуратураялде битIаниги щиб доб дело, прокурорасухъа гьениб щибгIаги хис-бас гьабун бажаруларе мехалда. Гьединлъидал, гьелъул магIна ккола уголовнияб дело къазе къваригIин. ГIемер ягъаричIого йикIине дица СОГалъул хIалтIухъаби руханин абураб делоги къазе бегьула гьез. Лъаларо иш кин ккелебали. Амма хIакъикъат гьединаб буго».

◆ Рамазан РАЖАБОВ

Сурукъаб гIадат

Октябралъул 21 абилеб къоялъ Карабудахкент РОВДялъул хIалтIухъан МухIамадмухтар Халиловас чIужулъун ячиналъул мурадалда хъамун йиго МахIачхъалаялдаса 19 сон барай Фатима Альбороева. Гьелда хурхун гьабун буго уголовнияб дело, унеб буго цIех – рех, амма щиб гьабунги, гIемер халат бахъараб ахIи – хъуялдаса хадуб, Дагъистаналъул МВДялъул министрасул заместитель гьоркьов жуваниги кIун гьечIо ясалъул гIагарлъуда гьей нахъе ячине.

Ясалъ абулеб буго жиндие бокьун гьечIин гъосие ине, нахъе ячейин, амма полициялъул хIалтIухъанас жиндир начальникасул кумекалдалъун яхчун чIезаюн йиго ва гIагарлъуда йихьизе толей гьечIо. Рекъел гьабизе кIиябго рахъ данде рачарабго ясалъул эбелалъ суал кьуна гьенив вукIарав Карабудахкент районалъул имамасе, эбел – инсуда цIехечIого яс росасе ине бегьулищ абун. Гьес жаваб кьуна бегьулилан.

Амма нилъеда лъала динияб идараялъул (ДУМД) лъазаби букIана гьеб бегьунгутIиялъул хIакъалъулъ ва щибаб районалъул имамзабазда тIадкъан букIана гьеб иш мунагьалъукье кколеблъун букIин жамагIаталда бичIчIизабизе. Нагагьлъун маслихIат гьабейин гьарун чагIи рачIани кIварабгIан гьенирги гIахьаллъунгутIизе.

! Гьеб сурукъаб я законалда, я шаргIалда данде кколареб иш гьабурал хIужаби къойилго гIадин рагIула. Амма гIажаиблъизе ккараб жо, я законалъ ялъуни шаргIалъ гьеб гIадаталъе ахир лъезе кIолеб гьечIо. ТIадеги, цо – цо бакIазда дибирзабаз рачун магьариги лъун риччала. Гьанже нужецаго хIисаб гьабеха, сунца ккквелел гьеб иш гьабизе лъугьарал чагIи?

Жинца чидар яс зулмуялдалъун рокъоса къватIийги ккезаюн, эбел – инсудаса рикIкIадги гьаюн жиндиргун ригьнаде цIалев чи лъугьуна фасикълъун, ай исламалъ бихьизабураб нухдасан унаревлъун. Гьесул нугIлъиги хIисабалде босизе бегьуларо.

Балагьараб мехалъ яс хъамиялъул хIасил гIемерисеб букIуна кIиябго рахъалда гьоркьоб рекъел гьаби ва хехго бертинги гьабун маслихIаталдалъун иш лъугIизе теялда. Гьеб гIемерисезда бихьула бищунго битIараблъун. Гьедин лъугIизе букIиналда ракI чIун букIуна чияр яс хъамизе унел гIоркьилазулги. Цо-цояз телефоналда бахъула яс хъами ва хадуб бихьизабула гьудул – гьалмагълъиялда. Гьелъ бихьизабулеб буго гIолохъаби гьелдаса чIухIулел рукIин ва тамихIалдаса хIинкъулел гьечIолъи. ХIинкъизе гIилла гьечIелъул. БатIаго цо – цо ясазулги гьеб гIадаталде дагIба бихьулеб гьечIо. Интернеталда (сайт kavkazmolodoi.ru) тIобитIараб цIех – рехалда рекъон гьенир гIахьаллъарал ясазул 61,4 проценталъ рикIкIунеб буго гьеб гIадат лъикIаблъун ва жалго хъамиялъулъ щибниги квешаб жо бихьулеб гьечIо. Нагагьлъун хъамун хадуй рокъоре руссине бокьун буго 44 процент ясазе.

2011 соналъул тIоцебесеб 8 моцIалда жаниб яс хъамиялда хурхун прокуратураялде бачIун буго 68 гIарза, гьезул лъабгоялда хурхун гурони уголовнияб дело гьабун гьечIо. Гьеб лъабгоялъулги цонигияб судалде щун гьечIо. Сундул бицунеб бугеб гьал тарихаз? Гьез бицунеб буго яс хъамун хадуб киназего, хIатта жиндиего бокьичIого хъамурай ясалъегицин бокьулеб гьечIо нахъе инсул рокъое юссине. Щайгурелъул хъамун хадуй гьей ячине бокьуларо лъиениги. Байбихьула гьелда сверухъ мацIал, гьерсал, рекIелгъей къваригIарав щинав хIалихьатица бицуна гьелъул. Дов гьей хъамурав васги хIалихьат вукIун ватани тIубанго хола иш. Уголовнияб делоги гьабун яс хъамурал чагIи жанир лъуни гьезие Уголовнияб кодексалъул 126 аб. статьяялда (похищение человека группой лиц по предварительному сговору) рекъон щола 15 сон туснахъалъул. Гьедин гIолохъанал, гIакълуялде рахинчIел гIолохъабазул гIумру хвезабизе бокьичIого иш маслихIаталде бачула.

Гьеб сурукъаб я законалда, я шаргIалда данде кколареб иш гьабурал хIужаби къойилго гIадин рагIула. Амма гIажаиблъизе ккараб жо, я законалъ ялъуни шаргIалъ гьеб гIадаталъе ахир лъезе кIолеб гьечIо. ТIадеги, цо – цо бакIазда дибирзабаз рачун магьариги лъун риччала. Гьанже нужецаго хIисаб гьабеха, сунца ккквелел гьеб иш гьабизе лъугьарал чагIи? Цо – цояз абила гьаб умумуздасаго нахъе букIараб гIадат бугин, амма щай цIунизе кколеб шаргIалда данде кколареб гIадат? Гьединал гIадатазда данде къеркьолев гурищ вукIарав Имам Шамилги? Щайха нилъ имамасул наслуйилан керен буххулел рукIинчIого гьесул нухдаса рилълъунарел? Гьеб гIадаталъ гIодобе ккезабулеб буго чIужугIаданлъул къадру, чIегIераб тIанкI лъолеб буго тухумалда, гIадамазда гьоркьоб бекьулеб буго питна. ТIадехун рехсараб лъугьа – бахъиналъулъ гьеб гIадаталъ полициялъулав, пачалихъалъ кодоб ярагъги кьун закон цIунизе ихтияр кьурав чи тIамулев вуго закон хвезабизе, дибир тIамулев вуго шаргIалда данде кколареб хIукму къотIизе. Жиндаго лъачIого имамас гьеб иш гьабун батани гьев лъугьунев вуго лъавукъав чилъун, лъан гьабун батани мунагьалъукье кколев вуго.

Чачаналда Рамзан Къадировас гьеб пишаялда данде рагъ лъазабун буго ва гьелдаса хадуб ясал хъами дагълъун буго, амма тIубанго лъугIунги гьечIо. Щайха гьеб гIадат лъугIизабизе кIолареб? Щайгурелъул нилъер халкъалъухъ исламияб бичIчIи дагьаб букIун, иман дагьаб букIун. Яс хъамиялъ гIадамал рачуна кIудияб питнаялде, балагьазде. Гьел риччангутIиялъе гIоло ине кколел руго маслихIаталде. МаслихIат букIиналда ракIчIун, щибниги я диналъул бичIчIи гьечIел, ялъуни яхIалъул къатIра гьечIел цо – цо гIолохъабаз хъамулел руго чияр ясал.

АхIизе ккола кинабго жамагIат гьеб къабихIаб ишалда данде рагъ базе, нахъойги имамзабаз бичIчIизабизе ккола жамагIатазда гьеб иш гьукъараб букIин. ШаргIалъул законал нилъер пачалихъалда хIалтIулел ратичIони хIалтIизаризе ккола законал, лъезе ккола туснахъалъув яс хъамурав щинав. ГIадатал цIуни лъикIаб иш буго, амма гьел рукIуна цоял лъикIал, цоял квешал, цоял шаргIалда данде кколел, цоял кколарел.